Ассаламу гIалайкум!

ЗахIмат бихьичIого, рахIат бокьарас,
БекьичIого,лъилъе,нилъ гьечIого хур.
Инхоса ГIали-ХIажи

www.mo-gumbet.ru
Газета бахъизе байбихьана 1952 с.



# Гумбет

Гумбет районалъул газета

№ 31 (6967) 16 сентябрь 2025 с. Талат РабигIул - авал 1447 с. Багьа - эркенаб

БАКЪЛЪУЛАЗУЛ ГIУМРУ

## ГIумрудул шартIал лъикIлъизари

### СВОялъул рагъухъабазе кумек гьабиялъулги бицана

**Бакълъул районалъул бетIер Гъалип Гъалиповасул нухмалъиялда рищиязул, нухал къачIаялъул, хасаб рагъулаб операциялъул гIахьалчагIазе ва гьезул хъизамазе кумек гьабиялъул ва цогидал тIуразе хIажатал суалал рорхараб данделъи тIобитIана араб анкьалъ муниципалитеталъул администрациялда. Гьенир гIахьаллъи гьабуна районалъул хIаракатчагIаз.**



Данделъиялда хасаб кIвар кьуна рищиял тIоритIулел бакIал хIадур гьариялде, гьаркьал кьеялъул процесс рагьараб букIинабиялде ва рищиязул хIакъалъулъ халкъалда бичIчIи кьеялъул даража борхизабиялде.

Гьелде тIадеги тадбиралъул гIахьалчагIаз гьоркьоб лъуна росабазул генералиял планал гьариялъул, федералиял, республикаялъулал программабазда рекъон поселениязда гьарулел хIалтIаби жиндир заманалда ва лъикI рагIалде рахъинариялъул масъалаби.

«Рищиязул къоязги щивасда тIадаб буго жигарго гIахьаллъизе. Гьаракь кьеялде кIвар кьей – районалъул букIинеселде кIвар кьей. ГьанжелъизегIан гьабураб гIадин, нахъеккунги СВОялъул рагъухъабазе ва гьезул хъизамазе кумек гьабиялъул хIалтIиги жигарго тIобитIизе ккола»,- ян абуна Гъалип Гъалиповас.

«Гумбет» информациялъулаб гIуцIи

ГIОЛИЛАЗУЛ СИЯСАТ

## Салман Сурхаев: «Бакълъулазул ракьалда спорт, туризм цебетIезабизе, гIолилазе квербакъи гьабизе мурадалда бажараб гьабизе буго»

### ДРялъул Минэкономикаялъул, ДГУялъул вакилзабигун дандч|вана

**Дагъистаналъул экономикаялъул ва бакIалъулаб цебетIеялъул министр ХIажи Султановасулгун дандчIвай тIобитIана Бакълъул мухъалъул спорталъул, туризмалъул ва гIолилазул ишазул комитеталъул нухмалъулев**



**Салман Сурхаевас ва «Село Тлярата» АСПялъул нухмалъулев Анвар Залумхановас.**

Гьелде тIадеги Гумбеталъул вакилзаби гьединго дандчIвана ДГУялъул Юридикияб институталъул директор, «МахIачхъала шагьар» округалъул депутатазул Собраниялъул депутат ХIамзат МухIамадбеговгунги. Салман Сурхаевас кIвар буссинабухъе, данделъиялда гьоркьор лъун рукIана росабалъ инфраструктура цебетIезабиялъул мурадалда пачалихъиял программабазда гIахьаллъиялъул, капиталияб ремонт гьабиялъул ва цIиял спортивиял бакIал раялъул суалал.

Гьесул рагIабазда рекъон, гьединго кIвар буссинабуна гIолилазул байбихьиял церетIезариялъул суалаздеги.



«Республикаялъул ва муниципалияб тIалъиялъул вакилзабазул цадахъаб хIаракаталдалъун гIемераб хIалтIи гьабуна ва гьабулебги буго гIолилазул сиясат цебетIезабизелъун.

Амма хIалтIи гьоркьоса къотIичIого гьабизе ккола. КIвар бугел масъалаби гьоркьор лъезелъун ДРялъул Минэкономикаялъул ва ДГУялъул вакилзабигун гIуцIана данделъи. Бакълъулазул ракьалда спорт, туризм цебетIезабизе, гIолилазе квербакъи гьабизе мурадалда бажараб гьабизе буго», - ян бицана Сурхаевас.

Зугьра ГIабдулкъадирова

НОМЕРАЛДА РУГО:



ЦIунди росу цебетIезабиялъул суалал рорхана

- 2 гьум.



«ХьахIал кьункърабазул кьоял»

- 2 гьум.



ЧIиркъатIа: мини-футболалъул майдан бай

- 2- гьум.



«ЦIализе ине кумек гьабе»

-2- гьум.

Масала, гIакъилас гIадан теларо,
Тушман вугониги, гIадада хвезе.

Инхоса ГIали-ХIажи

№ 31 16 сентябрь 2025 с.

БАКЪЛЪУЛАЗУЛ ГIУМРУ

# ЦIунди росу цебетIезабиялъул суалал рорхана

## СВОялъул рагъухъабазул хIурматалда хIухьбахъиялъул ах баялъул рехсана

**«Гумбетовский район» МРалъул нухмалъулев Гъалип Гъалиповас ЦIунди росдал («Сельсовет “Цунди-Шабдухский” АСПялде гъорлъе унеб») вакилзабазулгун хIалтIулаб данделъи тIобитIана, гьениб гьоркьоб лъуна гьеб росу цIигьабиялъул ва хадубккун цебетIезабиялъул суалал.**

Данделъи ана чIагояб ахIвал-хIалалда, гьелъ бихьулеб букIана росулъ гIумру гьабиялъул шартIал лъикIлъизаризе киназулго буго гьира. Гьениб аслияб кIвар кьун букIана росдал генералияб план гIуцIиялде, гьеб букIине ккола хадубккун инфраструктура базе ва цебетIезабизе кьучIлъун. Хасго кIвар кьуна гIадамазе санагIатал шартIал чIезариялде, гьездаго гьоркьоб социалиял ва хIухьбахъиялъул бакIал раялде.

Цоги гьоркьоб лъураб кIвар бугеб суаллъун букIана КIудияб ВатIанияб рагъул ветеранал, СВОялъул рагъухъаби ва батIи-батIияб заманалда улкаялъул интересал цIунарал цогидал рагъулал хIалтIухъаби ракIалдещвезариялъул паркалъул майдан бай.

ЦIундисез кIвар буссинабухъе, гьединаб бакI баялъ кIвар кьола хадусел гIелазе ВатIан цIунулезул бахIарчилъиялъул ва ракIбацIцIалъиялъул хIакъалъулъ цIикIкIун лъазе. Проект гIумруялде бахъинабиялъ рес кьола гIадамазул патриотикияб бичIчIи щула гьабиялъе.



Данделъиялда гIахьаллъана Гумбет мухъалъе нухмалъи гьабулевлъун вукIарав ЦIунди росулъа МухIамадгIали МухIамадгIалиев, «Республикаялъул рохьал» абураб пачалихъияб бюджеталъулаб идараялъул нухмалъулев ГIабдула МуртазагIалиев, ЦIунди росу цIигьабиялъул жамгIияб гIуцIиялъул нухмалъулев МухIамад НурмухIамадов, жамагIатчагIи Юсуп Юсупов, СайгидхIажи Набигулаев, Набигула Набигулаев.

Районалъул нухмалъулев Гъалип Гъалиповас иргадулаб нухалда баян гьабуна бакълъулазул росаби церетIезари муниципалияб администрациялда цебе лъураб аслияб масъаллъун букIин.

**Зугьра ГIабдулкъадирова**

БАКЪЛЪУЛАЗУЛ РОСАБИ

# ЧIиркъатIа: мини-футболалъул майдан бай

## Спортивияб бакI базе бугеб ракьалъул халгьабуна

**Россиялъул Президент Владимир Путинил тIадкъаялда рекъон Президентасул Администрациялъул нухмалъулев Сергей Кириенкоца тIобитIун букIана видеоконференциялъул къагIидаялда гражданал къабул гьари.**



Видеоконференциялда гIахьаллъана ЧIиркъатIа росулъа Рамазан АхIмадхановги, гIагараб росулъ мини-футболалъул майдан баялъе кумек гьабеян гьарун. Нижер интернет-басмаялъе муниципалитеталъул архитектураялъул, бакIал раялъул ва ЖКХялъулгун отделалъул нухмалъулев МухIамад АхIмаднабиевас бицухъе, мини-футболалъул майдан базе бугеб бакI чIезабун буго.

«Майдан баялъе гIарац биччазе буго Дагъистаналъул хIукуматалъ, баялъул хIалтIаби гьаризе руго Дагъистан Республикаялъул «Спорталъул бакIал раялъул ва цIигьариялъул дирекция» абураб пачалихъияб идараялъ.

Гьеб гIуцIиялъул нухмалъулев Нурадил Забитовасда, бетIерав инженер МухIамад ГIабдулбасировасда ва цогидал специализда цадахъ щвана гьеб бакIалде ва халгьабуна майдан базе бихьизабураб бакIалъул.

Баян гьабизе бокьун буго ЧIиркъатIаса Зайирбег ХIажиевас спортивияб бакI базе жиндирго ракьул участок кьун букIин, нух бахъиялъе кумек гьабизе буго ЧIиркъатIаса сахаватчи МухIамад ДибирхIажиевас.

Бакълъулазул бетIер Гъалип Гъалиповас мини-футболалъул майдан баялда хурхарал киналго суалал жиндирго хъаравуллъиялда ккун руго», - ян бицана АхIмаднабиевас.

**«Гумбет» информациялъулаб гIуцIи**

УНЕЛ РУГО РУЧЧАБИ, ГЪЕЖДА ДУНИЯЛГИ ЛЪУН

# «ЦIализе ине кумек гьабе»

## ГурхIел-рахIмуялъул акциялъулъ гIахьаллъана женсовет

**Бакълъулазул руччабазул гIуцIиялъул къокъаялъ иргадулаб нухалъ гIахьаллъи гьабуна «ЦIализе ине кумек гьабе» абураб гурхIел-рахIмуялъул акциялъулъ. Гьедин, гIарцулаб кумек гьабуна СВОялъул гIахьалчагIазул лъималазе, хасго рагъулаб борч борхулаго, тIадруссинчIел бахIарзазул хъизамазе.**

Гьединго кумек гьабуна тIадагьаб атлетикаялъул рахъалъ канлъукъазда гьоркьой чанго нухалъ Дагъистан Республикаялъул ва Россиялъул Федерациялъул чемпионкалъун яхъарай ЧIиркъатIа росулъа спортсменка Самера Юсуповалъеги.

Абизе ккола, Гумбеталъул руччабазул командаялъул хIаракаталдалъун тIоритIана гIадамазе пайда щолел гIемерал тадбирал. Тавпикъ кьеги нахъеккунги сахаватлъи бихьизабизе.

**Зугьра ГIабдулкъадирова**

КЪАЛАМ, ДУЦА ЩУРЕ ЩАКЪИЯЛДЕХУН

# «ХъахIал къункърабазул къоял»

## Хунзахъ – Расул ХIамзатовасул адабият кIодо гьабураб 39-абилеб фестиваль

**Дагъистан Республикаялъул Хунзахъ районалда «ХъахIал къункърабазул къо» фестиваль тIобитIана. Гьенире арал хъвадарухъабазул делегациялъул бетIерлъуда вукIана ДРялъул Хъвадарухъабазул гIуцIиялъул авар секциялъул ва «Гумбет» медиагруппаялъул нухмалъулев ХIамзат ГIизудинов.**



«ХъахIал къункърабазул къоял» абураб 39-абилеб Расул ХIамзатовасул адабияталъул фестивалалъул бутIа хIисабалда гьел щвана Хунзахъ районалъул ЦIада росулъ бараб ракIалдещвеялъул памятникалде.

Фестивалалъул гьалбадерие ва гIахьалчагIазе салам кьуна Хунзахъ районалъул бетIер НурмухIамад Задиевас. Хъвадарухъабазул делегациялда гьединго рукIана «Московский литератор» газеталъул бетIерав редактор Иван Голубничи, хъвадарухъан, Ульяновскалъул тIахьазул кIалгIаялъул директор Светлана Нагаткина, Дагъистаналъул халкъияй хъвадарухъан Бийке Кулунчакова, Дагъистаналъул халкъияб литератураялъул централъул директор, филологиял гIелмабазул кандидат Хадижат ГIалиева, Дагъистаналъул халкъияв хъвадарухъан, республикаялъул «Елдаш» газеталъул бетIерав редактор Гебек Конакбиев, Дагъистан Республикаялъул Хъвадарухъабазул Союзалъул ногъайазул секциялъул нухмалъулев, ДРялъул культураялъул мустахIикъав хIалтIухъан ГIамирхан МухIамадов, шагIирзаби ГIайшат Ибрагьимова, СагIид Ордашов, НасихIат ГIабдурашидова.



«ВатIан цIунулесул соналда, КIудияб ВатIанияб рагъда бергьенлъи босаралдаса 80 сон тIубаялъул соналда Россиялда ракIалде щвезарулел руго фашизм къезабиялъулъ квербакъарал чагIи. Расул ХIамзатовасул кIиго вацас ВатIаналъухъ гIумру кьуна.

«Россиялъул солдатал» абураб поэма сайгъат гьабуна шагIирас Хъирим (Крым), эркен гьабулаго, хварав Совет Союзалъул БахIарчи МухIамадзагьид ГIабдулманаповасе», - ян бицана ХIамзат ГIизудиновас.

Гьес ЦIадаса ХIамзатил рукъ-музеялъе сайгъат гьабуна гьанжесеб гIурус адабияталъул «Нилъер ракIазул хинлъи» абураб антология ва Дагъистаналъул бетIерасул квербакъиялдалъун къватIибе биччараб Расул ХIамзатовасул «Россиялъул солдатал хвел гьечIеб полкалда» абураб патриотикиял кучIдузул мажмугIги.

Расул ХIамзатовасул кучIдул рикIкIана ДГУялъул студенткаби Асият МухIамадрасуловалъ ва Дженет Аминовалъ. Фестивалалъул тадбиразул заманалда «Пашманай эбел» ва «ХъахIал къункъраби» абурал памятниказда цере лъуна тIугьдузул горал, тIоритIана ЦIадаса ХIамзатил рукъ-музеялде ва Тобот чвахи бихьулеб рахъаздехун экскурсиял.

**«Гумбет» информациялъулаб гIуцIи**

# Галип Галипов поздравил Главу Дагестана Сергея Меликова с юбилеем

**Глава Гумбетовского района Галип Галипов присоединился к поздравлениям в адрес Главы Республики Дагестан Сергея Меликова в связи с его 60-летием**

«Уважаемый Сергей Алимо-



вич! От имени жителей Гумбетовского района и от себя лично сердечно поздравляю Вас с днём рождения!

За годы работы руководителем Республики Дагестан Вы проявили себя как мудрый политик, умелый руководитель и хозяйственник, энергичный государственник и дальновидный политик, как человек с несгибаемыми убеждениями.

Ваш богатый опыт командования крупными воинскими соединениями и работы на высоких гражданских постах снискали заслуженный авторитет среди жителей Дагестана.

Вы являетесь примером верности гражданскому и служебному долгу, патриотизма, целеустремленности, принципиальности и честности

Неоценимую помощь и поддержку Вы оказываете нашим воинам, принимающим участие в специальной военной операции по искоренению неонацизма на Украине, их матерям и семьям, находя время для заботы и помощи о каждом из них.

Благодаря Вашему вниманию к нуждам жителей Гумбета и непосредственной поддержке, стало возможным решить многие проблемы в социально-экономическом развитии нашего района, поднять на новый уровень их условия жизни, за что мы безгранично Вам благодарны!

Искренне желаю Вам крепкого здоровья, благополучия, удачи в осуществлении новых идей и проектов», – сказано в поздравлении главы Гумбетовского района Галипа Галипова.

# График приёма граждан главой Гумбета и его заместителями

Глава МР «Гумбетовский район» Галип Галипов ведет приём граждан по понедель-



никам с 14:00 до 16:00 часов и по четвергам с 9:00 до 12:00 часов.

Заместитель главы Гумбетовского района Алихан Давудгаджиев осуществляет приём по понедельникам, четвергам и пятницам с 9:00 до 12:00 часов.

Дни приёма заместителя главы муниципалитета Мухтарахмеда Ахмедова: вторник и среда – с 9:00 до 12:00 часов; пятница – с 14:00 до 16:00 часов.

**РИО «Гумбет»**

РИТМ ГУМБЕТА

# Алихан Давудгаджиев подвёл итоги минувшей недели

**Замглавы Гумбетовского района Алихан Давудгаджиев провёл совещание, на котором обсуждались вопросы, касающиеся медосмотра работников образования, работы с порталами ЕГИССО и ГАС «Управление», ведения**



**госпабликов и генпланирования поселений.**

Также в ходе встречи руководители учреждений и организаций отчитались о работе за прошедшую неделю и поделились планами на будущее.

Совещание началось с обсуждения важности своевременной и качественной работы с электронными системами ЕГИССО и ГАС «Управление».

Далее участники обсудили ведение госпабликов в социальных сетях. Алихан Давудгаджиев отметил, что госпаблики являются важным инструментом взаимодействия с населением и оперативного информирования о деятельности органов власти, а также оперативной обратной связи.

Он призвал активнее использовать их для освещения новостей, ответов на вопросы граждан. Было уделено внимание и вопросам оказания помощи бойцам СВО и их семьям. В завершение руководителям профильных ведомств Давудгаджиев дал поручения, способствующие быстрому и качественному выполнению задач, поднятых на совещании.

**РИО «Гумбет»**

СТРАНА ГОР

# В Дагестане отмечают 70-летие народного поэта Магомеда Ахмедова

**В Дагестане проходят мероприятия, посвящённые 70-летию народного поэта Магомеда Ахмедова, который был председателем Правления Союза писателей РД в 2004-2023 годы.**

В республике идут ахмедовские чтения, аварская секция Союза писателей РД инициировала акцию «Читаем Магомеда Ахмедова». Ведутся работы по увековечению памяти выдающегося деятеля культуры. В Чиркатинской средней школе Гумбетовского района состоялись очередные ахмедовские чтения. Учащиеся 11-го класса данной школы прочитали стихи Магомеда Ахмедова.




Мероприятие было организовано классным руководителем этого класса, учителем аварского языка и литературы Алписат Магомедовой.

# В Махачкале состоялось грандиозное спортивное соревнование «Мультигонка-2025»

**В этом году в гонке приняли участие 36 команд, готовых к напряженной борьбе.**

За первенство сражались 27 мужских и 9 женских коллективов, каждый из которых включал четыре участника. Им необходимо было успешно пройти 11 трудных этапов с различными препятствиями.

Команды, завоевавшие призовые места в общем зачете, будут отмечены почетными грамотами, медалями и ценными подарками.

# При сигнале «Ракетная опасность»

**При сигнале «Ракетная опасность!» необходимо найти ближайшее бомбоубежище или крепкое здание с минимальным количеством окон. Дома следует укрыться в подвале, внутренней комнате без окон или на ступенях внутренней лестницы. Шторы, балкон и окна нужно закрыть и по возможности укрепить. Если о ракетной опасности предупредили, когда вы находились за рулем, следует незамедлительно остановиться на обочине, покинуть авто и найти убежище.**

При сигнале «Ракетная опасность» нужно немедленно найти безопасное укрытие. Наиболее предпочтительными считаются объекты, оборудованные подвальными или заглубленными помещениями, в том числе паркинги, подземные переходы. Избегайте нахождения в автомобилях, а также в легких и временных сооружениях, таких как тенты или некапитальные постройки.

При сигнале тревоги «Ракетная опасность» необходимо плотно закрыть окна, перекрыть газ, воду и отключить электричество. Следует взять вещи первой необходимости и предупредить соседей. Нужно незамедлительно проследовать в ближайшее укрытие. Если нет возможности проследовать в укрытие, следует укрыться в комнате с несущими стенами, сев на пол у несущей стены на значительном удалении от окна.

При сигнале «Ракетная опасность!» необходимо покинуть открытые участки улиц, зайти в помещения и не подходить к окнам. Следует укрыться в помещениях без окон со сплошными стенами или спуститься в заглублённые помещения подземного пространства. nsportal.ru

При сигнале «Ракетная опасность!» необходимо включить телевизор или радиоприёмник для получения информации о порядке действий. Следует укрыться в помещениях без окон со сплошными стенами или спуститься в заглублённые помещения подземного пространства. При объявлении эвакуации нужно действовать согласно распоряжениям по прибытию на сборные пункты.

ГУМБЕТ СПОРТИВНЫЙ

## Алмасхан Абдулахидов и Ахмед Джамалудинов заняли призовые места на спартакиаде в честь Дня единства народов РД

**В Республике Дагестан проходят спортивные соревнования «Спартакиада народов Дагестана», посвященные Дню единства народов РД.**

В состязаниях принимают участие и представители Гумбетовского района. Как сообщил руководитель комитета по спорту, туризму и делам молодёжи муниципалитета Салман Сурхаев, Алмасхан Абдулахидов занял второе место по самбо в весовой категории 64 кг. По вольной борьбе в весовой категории 86 кг Ахмед Джамалудинов удостоился третьего места.

Отметим, что теннисисты Гумбета вышли в полуфинал. Руководитель муниципалитета Галип Галипов поздравил успешно выступивших спортсменов на спартакиаде, пожелал им крепкого здоровья, благополучия и высоких достижений как в спорте, так и в жизни.

**РИО «Гумбет»**

DURA LEX, SED LEX (СУРОВ ЗАКОН, НО ЗАКОН)

## «Пристегни ребенка»

**В целях предупреждения детского дорожно-транспортного травматизма 8 сентября 2025 года в Республике Дагестан проводится день Единого тдня безопасности дорожного движения «Пристегни ребенка!»**

«В рамках комплекса мероприятий сотрудники ОГИБДД и ИПДН ОМВД России по Гумбетовскому району проверят наличие в общеобразовательных учреждениях «уголков дорожной безопасности», которые выступают в качестве наглядного пособия по обучению детей безопасному поведению на дороге. Будет проверено эксплуатационное состояние подъездных путей к школам: наличие дорожных знаков, разметки, ограждений, пешеходных переходов. Сотрудники организуют проверку технического состояния автотранспорта, который осуществляет перевозку детей к образовательным учреждениям».

Кроме того, особое внимание сотрудников ОГИБДД будет обращено на соблюдение водителями правил при перевозке детей — использование ремней безопасности и специальных удерживающих устройств. Уважаемые водители! Соблюдайте правила дорожного движения при перевозке детей! Пункт 22.9 ПДД РФ гласит: перевозка детей до 12-летнего возраста в транспортных средствах, оборудованных ремнями безопасности, должна осуществляться с помощью использования специальных детских удерживающих устройств, соответствующих весу и росту ребенка, или иных средств, позволяющих пристегнуть ребенка с помощью ремней безопасности, предусмотренных конструкцией транспортного средства, а на переднем сиденье легкового автомобиля – только с использованием специальных детских удерживающих устройств.

Родители являются образцом для подражания, и дети на дороге копируют поведение родителей, повторяют все то, что делают в таких случаях взрослые. Поэтому так важно каждому родителю всегда строго соблюдать правила дорожного движения.

Дорожно-транспортное происшествие — это трагедия, и в этом случае «личный» опыт ребенка недопустим и должен быть заменен на опыт, накопленный обществом.

**Врио начальника ОМВД России по Гумбетовскому району подполковник полиции М.А. Адилгереев**

ТЕПЛО И КОМФОРТ

## Как в Дагестане помогают бойцам с догазификацией домов

В Дагестане продолжается масштабная программа адресной социальной поддержки для участников специальной военной операции и членов их семей – бесплатная газификация индивидуальных жилых домов. Мера реализуется в соответствии действующим законодательством группой компаний «Газпром межрегионгаз Махачкала» и направлена на улучшение условий жизни тех, кто служит и защищает Родину, а также семей погибших бойцов.

Получателями субсидии становятся:

– ветераны и инвалиды боевых действий;

– семьи погибших ветеранов.

Финансовая помощь покрывает все ключевые этапы подключения:

– покупку и установку газоиспользующего оборудования;

– внутриплощадочные работы – прокладку газопровода в границах земельного участка;

– монтаж прибора учета газа;

– присоединение к газораспределительным сетям в рамках программы догазификации.

Чтобы воспользоваться мерой поддержки, необходимо:

1. Заключить договор о подключении газораспределительной организацией. Подать заявление в Министерство труда и социального развития Республики Дагестан (в органы соцзащиты по месту жительства или через МФЦ);

2. Предоставить документы, подтверждающие статус (удостоверение участника СВО, свидетельство о смерти, справка об инвалидности и т.д.).

3. После рассмотрения обращения принимается решение о выделении субсидии, после чего начинается реализация технических работ.

Программа газификации – не просто инфраструктурный проект, это знак уважения, благодарности и заботы о тех, кто не жалеет себя ради страны. Теперь, возвращаясь домой, боец или его семья могут включить отопление, приготовить еду на газу и почувствовать, что их ждали, ценили и поддержали.

## Научите своих близких почтенного возраста пользоваться «Личным кабинетом абонента»

**Согласитесь, что для старшего поколения очень волнительно получать квитанции за газ с задолженностью.**

Людям почтенного возраста затруднительно добираться до кассы оплаты, а тем более тем, кто проживает в отдаленных сёлах. В любом возрасте важно соблюдать платежную дисциплину, а сделать это лучше не выходя из дома, не тратя время в очередях и экономя на транспортных расходах.

Технический прогресс не стоит на месте и удобные онлайн сервисы по оплате за газ доступны для всех абонентов «Газпром межрегионгаз Махачкала», проживающим как высоко в горах, так и в городах.

Дистанционная оплата за газ имеет ряд преимуществ и уже каждый четвертый дагестанский потребитель газа зарегистрировался в «Личном кабинете абонента».

Поставщик газа рекомендует молодым людям, которые с легкостью пользуются всеми современными гаджетами, поддержать старшее поколение своей семьи и помочь им зарегистрироваться в «Личном кабинете», научить своих родных дистанционно проводить оплату и держать на контроле передачу показаний счетчика.

Зарегистрироваться в «Личном кабинете» можно через сайт «Газпром межрегионгаз Махачкала», или скачать мобильное приложение «Газ Онлайн» (для Айфонов), или «Мой Газ» (для Андроидов).

Оплаты через «Личный кабинет абонента» проводятся без комиссии.

Для всех, кто оплачивает за газ и сталкивается с различными вопросами, работает многоканальная бесплатная телефонная линия «Контакт-центра» 8-800-200-98-04.







## Дагестанские школьники на «Большой перемене»

**В Краснодарском крае завершился полуфинальный этап масштабного состязания «Большая перемена» для школьников 8-10 классов.**

В этом году 23 одаренных ученика из Дагестана удостоились чести представлять свою республику на этом значимом мероприятии. Ребята успешно прошли все отборочные туры и теперь стремятся попасть в финал.

В рамках конкурса были запланированы: познавательные образовательные занятия; встречи с экспертами в различных областях; разработка практических проектов; работа в команде над задачами.

БетIерав редактор: ХIамзат МухIамадович ГIизудинов телефон: 26-254
Газета гIуцIаразул ва редакциялъул адрес: 368930 Гумбет район, МелъелтIа росу, редакция
gumbet_smi@mail.ru

Жавабияй секретарь: Зугьра ГIабдулкъадирова
Корреспондентал: Макка МухIамадова
Фотомухбир: Гебек Гебеков

Набор: Марям МухIамадова
Верстка: Рапият Зулумханова
Газета кьабуна «Лотос» типографиялда
Типографиялъул адрес: МахIачхъала, Петр ТIоцевесесул къватI, 61

Газета къватIибе бачIунаан «Гумбеталъул колхозчи», «Вождасул васиятал», «Бакъулъазул нур» абурал цIаразда гьоркь
Учредитель: РМБУ «Рио -Гумбет»

Индекс: 51351
Тираж - 1003
Газета къватIибе биччазе гъулбасана, графикалда рекъон: 16 с. 00, хIакъикъаталда : 16 с. 00
Заказ №____

Газета зарегистрирована в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по Республике Дагестан от 24 января 2012 года. Серия ПИ № ТУ5-0144

Редакциялъул пикру кидаго гуро газеталда рахъарал макъалабазул авторазул пикругун данде кколеб. Макъалабазда рихьизарурал хIужабазул, цIаразул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб кьола гьезул автораз. Гьединал макъалаби газеталда рахъула, гьезие халкъалъ къимат кьезелъун.